

## KHUTBAH JUMAT BAHASA SUNDA MEMPERINGATI TAHUN BARU 1443 HIJRIYAH/2021 M Hijrah Jeung Muhasabah Sangkan Berkah

<https://pcnucilacap.com/khutbah-jumat-bahasa-sunda-hijrah-jeung-muhasabah-sangkan-berkah/>

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي فَضَّلَ بَيْنَ الشُّهُورِ وَالْأَيَّامِ. فَجَعَلَ شَهْرَ عَشُورَاءٍ مِنْ أَفْضَلِهَا فَفَضَّلَهُ قَدْ سَاعَ بَيْنَ  
الْأَنَامِ وَفَضَّلَ يَوْمَ عَشُورَاءٍ عَلَى جَمِيعِ الْأَيَّامِ وَجَعَلَهُ لِعِقْدِ أَيَّامِ الشَّهْرِ وَاسِطَةَ النَّظَامِ. أَشْهَدُ  
أَنَّ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ الْمُنْفَرِدُ بِالْكَمَالِ وَالْبَقَاءِ وَالِدَّوَامِ, وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدَهُ  
وَرَسُولَهُ أَشْرَفُ مُرْسَلٍ وَأَفْضَلُ إِمَامٍ. اللَّهُمَّ فَصِّلْ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى عَبْدِكَ وَرَسُولِكَ مُحَمَّدٍ  
وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ الْأَتْمَّةِ الْأَعْلَامِ مَصَابِيحِ الظَّلَامِ. أَمَّا بَعْدُ: فَيَا عِبَادَ اللَّهِ, اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ  
تَقْوَاهُ, فَقَدْ قَالَ اللَّهُ تَعَالَى فِي كِتَابِهِ الْكَرِيمِ: أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ. يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا  
اتَّقُوا اللَّهَ وَلْتَنْظُرْ نَفْسٌ مَّا قَدَّمَتْ لِغَدٍ, وَاتَّقُوا اللَّهَ إِنَّ اللَّهَ خَبِيرٌ بِمَا تَعْمَلُونَ

### Hadirin jamaah Jumat Rahimakumullah

Langkung tipayun mangga urang sami-sami sanggakeun puji sareng syukur ka hadzirat Allah SWT., nu parantos maparingan rahmat sareng karunia ka urang sadaya, oge dina dangeut ieu urang sadaya mugi didugikeun ku Allah SWT kana sasih anu enggal nyaeta Muharram 1443 H, kalayan disarengan sehat walafiyat tiasa ngalakonan parentah Mantenna.

Salajengna Shalawat sinareng salam mugia dilimpahkeun ka panutan urang sadaya nyaeta kangjeng Nabi Muhammad SAW., sareng ka kulawargina, para sahabatna, tabi'in, tabi'it tabi'in dugi ka urang sadaya salaku umatna. Aamiin

### Hadirin jamaah Jumat Rahimakumullah,

Dina Jumat payun urang sadaya bakal gentos taun anu enggal nyaeta 1443 H. Janten urang teh parantos ngantunkeun taun 1442 H. Ku datangna bulan Muharram, hartosna urang asup kana hiji babad anyar, saperti anu geus diterangkeun dina ajaran Islam, anu mangrupikeun bulan nalika Rasulullah



SAW., seueur kenging kajayaan dina ngalaksanakeun syi'ar/da'wahna atanapi ngadugikeun kalimat tauhid Laailaha Illallah. Sajabi ti eta bulan muharram teh mangarupikeun bulan pergantian taun Islam nu biasa ku urang disebut taun "Hijriah atanapi taun baru Islam".

Ayapon maksud urang ngayakeun peringatan dina nyambut taun anu munggaran, sajabi ti ngarayakeun taun baru Islam pikeun ngalaksanakeun syiar agama Islam. Oge urang kudu daek ngitung atanapi muhasabah kana diri jeung nimbang diri urang sorangan samemeh urang di-itung sakabeh amal urang boh anu hade atawa nu goreng dipayuneun Allah SWT, dina poean wawales, sapertos dina salah sawios katerangan anu disaurkeun dina Al-Qur'an:

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَلْتَنْظُرْ نَفْسٌ مَّا قَدَّمَتْ لِإِعَادٍ, وَاتَّقُوا اللَّهَ إِنَّ اللَّهَ خَبِيرٌ بِمَا تَعْمَلُونَ

Hartosna: Hei inget jalma-jalma nu ariman, kudu taqwa aranjeun kabeh ka Allah jeung kudu merhatikeun diri kana naon-naon anu geus dilakonan pikeun poe isuk jeung kudu tarakwa aranjeun kabeh ka Allah saestuna Allah anu waspada kana naon perkara anu ku aranjeun dipigawe. (al-Hasr: 18)

Oge dawuhan sahabat Umar bin Khothob:

حَا سِبُوا أَنْفُسَكُمْ قَبْلَ أَنْ تُحَاسَبُوا

"kudu diperhitungeun hade goreng diri aranjeun samemeh aranjeun ditimbang ku Allah SWT."

Hadirin jamaah Shalat Jumat Rahimakumullah,

Supaya dina ngamimitian hirup dina taun anyar urang kalebetkeun jalmi anu anu dirahmat ku Allah SWT, anu kurang alus sing bisa jadi alus jeung naon anu rusak di omean sarta sadaya nu tos sae supaya bisa dilakonan kalayan istiqomah, teras diamalkeun, dilestarikeun jeung dipertahankeun kalawan ditingkatkeun kunu langkung sae timbatan nu geus kaliwat.



Kukituna dina mayunan taun anu enggal ieu, hayu urang sami-sami nyueurkeun amal-amalan anu sae. Meungpeung urang sadaya aya dina waktu anu laluwasa keneh, hayu urang gunakeun sareng ngempelkeun amal ibadah ka Allah SWT.

Dawuhan Rasulullah SAW dina hadistna:

إِغْتَنِمَ خَمْسًا قَبْلَ خَمْسٍ، حَيَاتِكَ قَبْلَ مَوْتِكَ، وَصِحَّتِكَ قَبْلَ سَقَمِكَ، وَفِرَاعِكَ قَبْلَ شُغْلِكَ،  
وَشِبَابِكَ قَبْلَ هَرَمِكَ، وَغِنَاكَ قَبْلَ فَقْرِكَ

Hartosna: “Jaga lima perkara samemeh datang lima perkara (1) meungpeung hirup samemeh datang maot, (2) meungpeung cager samemeh gering, (3) meungpeung nyalse samemeh riweuh, (4) meungpeung ngora samemeh kolot, (5) meungpeung beunghar samemeh sangsara”.

Ku cara ngagunakeun waktu hirup samemeh datang ajal, dianggo kasempetan ibadah sareng amal sholeh, etateh ngandung hartos urang kudu bebekelan engke dimana urang mulih ka jati mulang asal, ka alam kalanggengan.

Di akherat mah moal aya nu manfaat pikeun manusa kajabi hate anu salamet tina panyakit hate jeung pamusyrikan oge anu midamel amal sholeh nalika hirup di alam dunyana.

### **Hadirin jamaah Shalat Jumat Rahimakumullah,**

Rupina khutbah berkah taun hijriyah sakitu anu tiasa kapihatur dina raraga nyambut Taun baru 1443 H. Mudah-mudahan Allah SWT ngahaputen kana sagala dosa nu parantos dilakonon ku urang sadaya dina taun anu kalangkung, kalayan Allah salamina mugi maparin pituduh sareng rahmat ka urang sadaya. Aamiin ya Rabbal alamin.

بَارَكَ اللهُ لِيْ وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيْمِ وَنَفَعَنِيْ وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيْهِ مِنَ الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيْمِ وَتَقَبَّلْ مِنِّيْ  
وَمِنْكُمْ تِلَاوَتَهُ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيْعُ الْعَلِيْمُ



= KHUTBAH KADUA =

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَمَرَنَا بِكثْرَةِ ذِكْرِ اللَّهِ وَامْتِنَالِ أَوْامِرِ اللَّهِ وَاجْتِنَابِ نَوَاهِيهِ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ  
وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ، اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى  
عَبْدِكَ وَرَسُولِكَ سَيِّدِنَا مُحَمَّدِ بْنِ عَبْدِ اللَّهِ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ

أَمَّا بَعْدُ فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا اللَّهَ فِيمَا أَمَرَ وَأَنْتَهُوَ عَمَّا نَهَى وَعَلِّمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمْرُكُمْ بِأَمْرٍ بَدَأَ فِيهِ بِنَفْسِهِ  
وَتَنَى بِمَلَأَ نِكَتِهِ بِقُدْسِهِ وَقَالَ تَعَالَى إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا  
عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ  
وَعَلَى أَنْبِيَائِكَ وَرُسُلِكَ وَمَلَائِكَتِكَ الْمُقَرَّبِينَ وَارْضَ اللَّهُمَّ عَنِ الْخُلَفَاءِ الرَّاشِدِينَ أَبِي بَكْرٍ وَعُمَرَ وَعُثْمَانَ  
وَعَلَى وَعَنْ بَقِيَّةِ الصَّحَابَةِ وَالتَّابِعِينَ وَالتَّابِعِينَ لَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَيَّ الْيَوْمَ الدِّينِ وَارْضَ عَنَّا مَعَهُمْ  
بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ اللَّهُمَّ اعِزَّ الْإِسْلَامَ  
وَالْمُسْلِمِينَ وَأَذِلَّ الشِّرْكَ وَالْمُشْرِكِينَ وَأَنْصُرْ عِبَادَكَ الْمُوَحَّدِيَّةَ وَأَنْصُرْ مَنْ نَصَرَ الدِّينَ وَاخْذُلْ مَنْ خَذَلَ  
الْمُسْلِمِينَ وَ دَمَّرْ أَعْدَاءَ الدِّينِ وَأَعْلِ كَلِمَاتِكَ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ. اللَّهُمَّ اذْفَعْ عَنَّا الْبَلَاءَ وَالْوَبَاءَ وَالزَّلَازِلَ  
وَالْمِحْنَ وَسُوءَ الْفِتْنَةِ وَالْمِحْنَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ عَن بَلَدِنَا إِنْدُونِيسِيَا خَاصَّةً وَسَائِرِ الْبُلْدَانِ  
الْمُسْلِمِينَ عَامَّةً يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ. رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ.  
رَبَّنَا ظَلَمْنَا أَنْفُسَنَا وَإِن لَّمْ تَغْفِرْ لَنَا وَتَرْحَمْنَا لَنَكُونَنَّ مِنَ الْخَاسِرِينَ. عِبَادَ اللَّهِ! إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُنَا بِالْعَدْلِ  
وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ  
وَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَذْكُرْكُمْ وَاشْكُرُوهُ عَلَى نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ

Khutbah Jumat Bahasa Sunda, **Hijrah Jeung Muhasabah Sangkan Berkah**, Memperingati  
Tahun Baru Hijriyah 1443 H diterbitken Ku Seksi Bimas Islam Kemenag Kota Banjar, Jabar,  
disusun Ku: Jamal Shidiq, S.Pd.I, Penyelaras Bahasa: IHA

